# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# दानिय्येल अउर शेरन क माँद


लेखकः Edward Hughes

ब्याख्याकरः Jonathan Hay

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलितः Mary-Anne S.


कहानी 34 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

दारा बाबुल क नया राजा रहलन। उ चतुर रहलन। उ अपनी शासन काल में मदद की खातिर अपनी राज्य में से सर्वश्रेष्ठ एक सौ बीस लोगन के चुनलन। फिर उ ओ लोगन में से तीन गो के उनकर अधिकारी होखे खातिर चुनलन। दानिय्येल ओ तीन लोगन में से एगो रहलन।



1

राजा दारा दानिय्येल के बहुत सम्मान कइलन इहाँ तक कि उनके पूरा राज्य पर शासक बनवला की बारे में सोचत रहलन।



2


दूसर अगुवा लोग ईर्ष्या करे लगलें। उ दानिय्येल में कुछ गलती खोजला क योजना बनवालें ताकि राजा क दानिय्येल की साथ कुछ समस्या पैदा कर सकें।
3


कवनो फरक ना पड़ल, उ केतनो कोशिश कइलें, लेकिन ए अगुवा लोग दानिय्येल की बारे में कुछ भी बुरा ना पवलें। दानिय्येल जेवन कुछ भी कइलन सब सच्चाई से कइलन। एकरी अलावा, उ सावधान अउर चालाक रहलन; अउर हमेशा सब कुछ कइलन, सब सर्वश्रेष्ठ तरीका से करत रहलन।
4


ईर्ष्या करे वाला नेता लोग के अब पता चल गइल कि दानिय्येल के फ़सवला क सिर्फ एकही ही रास्ता रहे। उ जानत रहलें कि पृथ्वी पर कुछ भी उनके इस्राएल की परमेश्वर क पूजा कइला से रोक ना सकत बा।
5


राजा क
अध्यादेश
दानिय्येल क दुश्मन लोग एगो अउर योजना बनवलें। उ लोग एगो नाया कानून बनवलें ताकि राजा ओपर दस्तखत करे। कानून की अनुसार हर केहु के खाली राजा से ही प्रार्थना करे के रहे। यदि केहु भी बात ना मानी त उनके शेर की माँद में फेंक दिहल जाई!
6


राजा दारा इ नाया कानून पर दस्तखत कर दिहलें।
7


नाया कानून से दानिय्येल के कवनो फरक ना पड़ल। उ जेवन हमेशा से करत आइल रहलन, उ करते रहलन। उ अपनी खुलल खिड़की से दिन में तीन बार घुटने पर आके, स्वर्ग की परमेश्वर से प्रार्थना कइल करत रहलन।
8


डाह करे वाला अगुवा लोग राजा के बतवला खातिर रवाना हो गोइलें। दानिय्येल के गिरफ्तार कइला की अलावा राजा दारा की पास अउर कवनो चारा ना रहल।
9


कानून क पालन कइल जरूरी रहल। दानिय्येल मरे पर रहलन। राजा बचवला क बहुत कोशिश कइलन, लेकिन कानून के बदले खातिर उनके कवनो भी रास्ता ना मिलल।
10


दानिय्येल के शेर की माँद में डालला की द्वारा मृत्यु क सजा सुनावल गइल। दानिय्येल के भूखाइल शेर की माँद में डालला से पाहिले, राजा दारा उस से कहलें, "तू जेवनी परमेश्वर क लगातार सेवा करे लअ, उहे तोहके बचइहें!"
11


राजा ओ रात सूत ना सकलें। तड़के अगली सुबह, उ वापस शेर की माँद पर पहुँचलन।
12


राजा दारा पुकारके कहलें, "दानिय्येल, जीवित परमेश्वर जेकर तू लगातार सेवा करे लअ, का  तोहके उ शेर से बचा लेले बाड़न?" हो सके ला कि उ जवाब क उम्मीद ना करत रहलन। लेकिन दानिय्येल जवाब दिहलन!
13


दानिय्येल कहलन, हे राजा "हमार जीवित परमेश्वर अपनी दूत के भेजा के इन शेरन क मुँह बंद कर दिहलें। अतः ई सब हमके चोट ना पहुँचा सकलें हँअ! अउर हमहुँ तोहरी बिरुद्ध कुछ गलत नइखीं कइले।"
14

राजा दारा बहुत खुश भइलन! उ दानिय्येल के माँद से बहार निकलला क आदेश दिहलन।



15

राजा जानत रहलन कि परमेश्वर दानिय्येल के बचवलें हउंवे अउर दानिय्येल क दुश्मन अब परमेश्वर क दुश्मन रहलें।



16

उ एगो आदेश दिहलन, अउर बुरा कानून पर दस्तखत करवला खातिर उनके धोखा देबे वाला ओ सब के शेरन की माँद में फेंकवा दिहलन। शेर सब ओ लोगन के खा लिहलन।



17

राजा दारा स्वर्ग की परमेश्वर की बारे में पूरा दुनिया के बतावल चाहत रहलन; कि कैंगने उ अपनी वफादार सेवक, दानिय्येल क रक्षा कइले हउवें। राजा एगो चिटठी लिखलें जेमे जीवित परमेश्वर क पूजा कइला की खातिर हर केहु के आज्ञा दीहल गइल रहे। अउर राजा दानिय्येल क सम्मान कइलन अउर नेतृत्व कइला खातिर उनके बहाल कइलन।



18

दानिय्येल अउर शेरन क माँद

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

**ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।**

**ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।**

**यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।**

**हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !**